

## **REGLEMAN AK PWOSEDI POU CHANJE NON**

*Sikilè regleman sa a sèlman apwopriye pou Ane Skolè 2022-2023 a.*

### **ENFÒMASYON**

Jou 16 septanm, 1998, Komite Skolè Boston an te adopte yon regelman sou kòman pou bay yon lekòl piblik Boston, oswa yon espas notab ladan l, yon non oswa yon lòt non, pa egzanzp : yon bibliyotèk, yon oditoryòm, yon jimnazyò, yon sal de konferans). Regleman sa a kreye pou asire ke manm pèsònèl lekòl, paran, ak kominote kolektiv la gen opòtinite pou yo sijere e egzamine divès non avan yo soumèt yo bay sipèentandan an ak Komite Skolè a pou yon apwobasyon final. Infwa ke yon nouvo lekòl jwenn apwobasyon pou l ouvri, Komite Skolè a ka apwouve yon non tanporè k ap rete an vigè jiskaske kominote skolè a fòme e prensipal/direktè lekòl la antreprann pwosesis nominasyon an ki detaye nan sikilè sa a.

**NOMINASYON YO** Lòske yon kominote skolè antreprann pwosesis pou nonmen oswa renonmen yon plas, se responsabiltè prensipal oswa direktè lekòl la pou l asire ke tout pati afekte yo enfòme sou pwosesis la e ke yo akòde yo opòtinite pou yo patisipe. Yo kapab soumèt divès sijasyon non pou lekòl la bay direktè a atravè youn nan twa sous sa yo :

- a. manm ki fè pati Komite Skolè a
- b. Konsèy Lokal Lekòl yo, Konsèy Paran Lekòl yo, paran yo
- c. Divès manm kominotè oswa divès gwoup kominotè

### **YON CHITA TANDE PIBLIK**

Infwa ke nou resevwa sijasyon non yo pou nouvo lekòl la, direktè a ak Konsèy Lokal Lekòl la dwe pwograme e òganize yon chita tandè piblik. Yon notifikasyon konsènan chita tandè a (ki gen ladan l dat, lè, lokal, ak pwogram reyinyon an) dwe afiche nan biwo grefye vil la, yo dwe soumèt li nan jounal lokal la, distribye l bay manm pèsònèl yo, e voye l lakay tout paran.

Objektif chita tandè a se pou ofri sila yo ki te soumèt sijasyon yo yon opòtinite pou yo bay rezon ke yo fè demann yo e pou yo reponn kèk kesyon. Epiyou chita tandè a bay direktè a ak konsèy lokal lekòl la yon opòtinite pou yo tandè kòmantè kominote skolè a ak lòt pati ki afekte. Moun kapab soumèt divès lòt sijasyon pandan sesyon chita tandè a.

### **KRITÈ YO AK MACHASUIV YO**

Nou dwe konsidere kritè suivan yo nan rekòmandasyon ak adopsyon non ofisyèl yo pou enstalasyon skolè yo : Sikilè Sipèentandan an, SUP, 2022-2023 1ye septanm, 2022, Paj 2 nan 2 ("Superintendent's Circular SUP-4, 2022-2023 September 1, 2022 Page 2 of 2 »)

1. Non enstalasyon yo ka onore yon moun ki te arive fè yon kontribisyon majè oswa te rann yon sèvis ekstraòdinè bay lekòl la, sistèm skolè a, nasyon an, oswa sosyete a.
2. Non enstalasyon yo ka rekonèt seksyon jeyografik vil la kote lekòl la lokalize a (menm jan sa fèt pou plizyè nan lekòl segondè distri a).

3. Non enstalasyon yo ka rekonèt tèm akademik lekòl la.

4. Non enstalasyon yo ka konbine non yon moun ki te arive fè yon kontribisyon majè bay lekòl la, sistèm skolè a, oswa kominote a avèk yon tèm akademik.

Non yon chanm oswa espas espesyal divès bilding lekòl ka onore yon moun ki te arive fè yon kontribisyon majè oswa te rann yon sèvis ekstraòdinè bay lekòl la oswa kominote a.

### **REKÒMANDASYON YO**

Prensipal la/direktè lekòl la ak Konsèy Lokal Lekòl la ka chwazi vote sou sijesyon an (sijesyon yo) pou non nouvo lekòl la oswa soumèt plizyè sijesyon bay sipèentandan an ak Komite Skolè a pou egzamine yo e pran desizyon sou yo. Si Konsèy Lokal Lekòl la chwazi vote sou sijesyon an (sijesyon yo), yo dwe fè yon piblisite manch long pou reyinyon kote vòt la ap fèt la, menm jan ak pou chita tandè ki mansyone nan pati anwo a, oubyen sa kapab fèt nan chita tandè a menm. Infwa ke pwosesis sa a fin fèt, prensipal la/direktè lekòl la dwe soumèt bagay suivan yo bay sipèentandan an :

1. Opsyon (yo) oswa rekòmandasyon (yo) pou non lekòl yo pou Konsèy Lokal Lekòl la
2. Yon kopi notifikasyon chita tandè piblik la ak dokimantasyon distribisyon li (prèv ke l te distribye)
3. Pwosè vèbal reyinyon an kote vòt la te fèt la (si toutfwa l egziste)

Sipèentandan an va prezante rekòmandasyon an (rekòmandasyon yo) bay Komite Skolè a pou yo diskite sou li e pran mezi konsènan li nan youn nan reyinyon piblik regilye l yo.

Pou plis enfòmasyon sou sikilè sa a, kontakte :

Non li :	Elizabeth Sullivan, Director of Intergovernmental Relations (Direktris Relasyon Entègouvènmantal)
Depatman :	Depatman : Superintendent's Office (Biwo Sipèentandan an)
Adrès lapòs :	2300 Washington Street, 5th Floor (5yèm etaj), Boston, MA 02119
Nimewo Telefòn :	617-635-6402
Faks :	617-635-9059
Imel :	esullivan5@bostonpublicschools.org

Mary Skipper, Sipèentandan